

# Jwenn Pwoteksyon nan Vil New York!

## Nan Plan Debaz la

Eta New York gen yon novo pwogram asirans sante ki rele Plan Debaz. Plan Debaz ofri bon kalite asirans sante pou adilt k ap travay, ki pa touche ase revni epi ki pa kalifye pou Medicaid.



### ÈSKE MWEN KALIFYE POU PLAN DEBAZ LA?

Ou ka kalifye si ou:

- Se yon adilt ki gen laj 19 - 64 tran. Moun ki poko gen laj 19 ane kalifye pou Child Health Plus, men pa pou Plan Debaz la.
- Ap viv nan Eta New York.
- Satisfè kondisyon pou kalifye dapre revni. (Egzamp: adilt selibatè ki touche jiska \$24.120 dola; adilt nan fanmi kat moun ki touche jiska \$49.200 dola)
- Satisfè egzijans kondisyon imigrasyon.



### KISA ASIRANS MWEN PRAL GARANTI?

Si ou kalifye, ou kapab chwazi plan ou. Tout plan yo garanti menm 10 avantaj yo, ansanm ak swen nan lopital, medikaman sou preskripsyon, ak vizit nan klinik doktè. Ou kapab resevwa swen preventif gratis, tankou vizit pou bon sante ak tès depistaj sante chak ane. Ou kapab resevwa swen dan ak swen zye gratis oswa ou kapab peye pou avantaj yo, selon revni ou.



### KONBYEN LAJAN SA AP KOUTE MWEN?

Sa depannde revni ou. W ap swa pa peye frè pa mwa oswa \$20 dola/mwa. Ou p ap gen pou peye yon franchiz anyèl. Sa vle di Plan Debaz la ap kòmanse peye pou sèvis yo, tankou vizit nan klinik doktè, touswit.

Selon revni ou, ou ka gen pou peye yon ti frè lè ou resevwa swen an, tankou lè ou ale nan klinik doktè oswa lè w ap egzekite yon preskripsyon.




### FASON POU APLIKE

Ou kapab enskri nan Plan Debaz nenpòt lè nan ane a. Aplike sou entènèt, nan telefòn oswa fas-a-fas. Gen èd ki disponib nan lòt lang. Ale sou sitwèb NY State of Health nan [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov), oswa rele nimewo 1-855-355-5777 oswa 311.

### OU PA BYEN KONNEN SI OU KALIFYE?

Pa gen pwoblèm – ou kapab aplike nenpòt lè pou chèche konnen. Li pi fasil pase anvan pou konnen chwa pwoteksyon ou yo!



## ÈSKE KONDISYON IMIGRASYON MWEN ENPÒTAN?

Wi. Men, pifò imigran yo kapab kalifye pou Plan Debaz la si yo satisfè lòt kondisyon pou yo kalifye. Ou ka kalifye si ou se yon sitwayen Etazini, yon rezidan legal pèmanan, yon rezidan ki prezan legalman nan Eta a, oswa ou nan yon kondisyon non-imigran ki valab (pa egzanp, yon etidyan ki nan vizit avèk yon viza ki valab).

Kèk moun ki gen yon kondisyon imigrasyon diferan, tankou Aksyon Difere pou Timoun ki Rive nan Peyi a (Deferred Action for Childhood Arrivals, DACA) ak imigran ki pa gen papye imigrasyon pa kalifye pou Plan Debaz la, men yo ka gen lòt chwa pou pwoteksyon ak swen sante.



## KISA POU MWEN FÈ SI MWEN PA KAPAB KALIFYE AKÒZ KONDISYON IMIGRASYON MWEN EPI MWEN TOUJOU BEZWEN SWEN SANTE?

Si ou pa kalifye pou Plan Debaz la akòz kondisyon imigrasyon ou, ou toujou gen kèk chwa. Ou ka kalifye pou Medicaid oswa pou Medicaid pou sèvis annijans yo sèlman, selon sitiyasyon ou. Fason ki pi fasil pou konnen se aplike nan Mache Asirans NY State of Health.

Si ou pa gen asirans sante epi ou bezwen swen sante, ou kapab toujou resevwa li nan Vil New York. Sistèm lopital publik Vil la (NYC Health + Hospitals) ak sant sante kominotè yo bay swen medikal sou baz yon frè redui, selon revni ou. Ale sou sitwèb [nyc.gov/hilink](http://nyc.gov/hilink) pou jwenn plis enfòmasyon.

**POU PLIS ENFÒMASYON: Ale sou sitwèb NY State of Health nan [nystateofhealth.ny.gov](http://nystateofhealth.ny.gov), oswa rele nimewo 1-855-355-5777 oswa 311**